

FL-1083-2017-3

Avi Piblik

Dokiman sa bay avi ke Konte Lee pral aplike, dapre USC Seksyon 5339, pou yon sibvansyon Pwogram Plan Otobis ak Enstalasyon Otobis (Bus and Bus Facilities Formula Program) – Otobis ak Enstalasyon Otobis – nan Administrasyon Federal pou Transpò (Federal Transit Administration) ki pral sèvi pou bay Depatman Transpò Konte Lee a, LeeTran, asistans pou pwojè envestisman.

Nenpòt pati ki enterese ka mande pou Konsèy Komisyonè Konte Lee a fè yon odyans piblik konsènan Pwogram Pwojè yo pou demann sibvansyon Pwogram Plan Zòn Ibanize sa a. Pou mande yon odyans piblik, tanpri soumèt yon demann alekri nan dis (10) jou oplita apre avi sa a nan Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, Florida 33901.

Nenpòt pati ki enterese ka jwenn yon kopi demann sibvansyon sa a nan Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, Florida 33901 ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi.

Deskripsyon Pwojè a: Yo estime pri pwojè a pou sibvansyon Pwogram Plan Otobis ak Enstalasyon Otobis USC Seksyon 5339 sa a nan nivo \$714,731 pou pòsyon federal la nan afektasyon pou Ane fiskal (FY) 2018 la ki disponib dapre Lwa sou Reparasyon Transpò an Sifas Etazini (Fixing America's Surface Transportation, FAST). Y ap kontribye egalego nan lajan Pwogram lan ak kredi devlopman transpò Eta a.

Pwojè yo pwopoze yo gen ladan finansman pou ranplasman veyikil ADA pou transpò adapte (Paratransit).

Si pa gen okenn chanjman ki fèt nan pwojè ki endike anwo yo, y ap konsidere avi sa a kòm dènye avi pou Pwogram Pwojè yo. Yo ka voye tout demann bay Direktè Finansye (Fiscal Manager) LeeTran lan nan (239) 533-0332 oswa pa imèl nan lcombs@leegov.com oubyen nan www.rideleetrans.com.

LeeTran respekte egzijans pwogram Administrasyon Transpò Federal ki aplikab yo epi li asire ke yo mete sèvis transpò yo disponib epi distribye yo egalego san gade sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, andikap, sèks oswa laj. Ou kapab gade Tit VI LeeTran lan okonplè nan www.rideleetrans.com

Fort Myers NewsPress
Dat Piblikasyon: